



Pou Piblikasyon Imedya: 22/08/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GICHÈ PEYAJ SAN LAJAN KACH SOU WOUT LAJ  
YO PRAL KÒMANSE NAN KWAZMAN GRAND ISLAND YO AN MAS 2018**

*Yo Devwale Konsepsyon Pou Nouvo Sant Akèy Rejyon Lwès New York lan Ki  
Dwe Konplete nan Mwa Dawout 2018 - Pòt Prensipal nan Atraksyon ak  
Espas Rejyon an yo*

*Anviwon 65,000 Otomobilis Ki Vwayaje Atravè Baryè Peyaj Grand Island yo Chak  
Jou Yo Pral Benefisye De Fasilite Gichè Peyaj San Lajan Kach yo*

*Plan Rabè pou Abitan Grand Island yo Pa Pral Afekte pa Chanjman pou ale nan  
Gichè Peyaj San Lajan Kach yo*

*Kontrandi sou Nouvo Pòtik Pon yo Disponib [Isit la](#)*

*Kontrandi sou Sant Akèy Rejyon Lwès New York yo Disponib [Isit la](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a gichè peyaj san lajan kach sou wout laj a wot vitès yo pral kòmanse nan baryè peyaj Grand Island yo an Mas 2018. Tranzisyon nan gichè peyaj san lajan kach yo pa pral afekte pwogram rabè abitan Grand Island yo, epi li pral redwi anbouteyaj, amelyore sekirite, epi redwi polisyon lè a. Kòm yon pati nan tranzisyon pou ale nan yon fason ki pi pratik epi ki pi efikas pou vwayaje sou wout New York yo, Gouvènè a ap ankouraje tout vwayajè yo pou yo enskri pou yon E-ZPass epi ekonomize sou dwa peyaj yo atravè eta a, ki enkli yon rabè senk pousan sou tout 917 kilomèt Thruway Eta New York lan.

Gouvènè a te devwale tou konsepsyon ak kontrandi sou Sant Akèy Rejyon Lwès New York lan (Western New York Welcome Center), ki pral lokalize nan Alvin Road nan Grand Island ki bò kote I-190 lan, pou sipòte endistri touristik ki ap fleri nan eta a apati pwomosyon atraksyon lokal yo, manje, bwason fabrike ak lòt destinasyon yo atravè rejyon an. Yo prevwa nouvo sant akèy la ap fin konplete apati mwa Dawout 2018.

“Grand Island se yon konektè vital pou abitan ak touris yo ki ap vwayaje nan Buffalo, Niagara Falls ak pi lwen ankò, epi ak ajou gichè peyaj san lajan kach yo ak yon nouvo sant akèy, nou ap non sèlman sipòte yon ekonomi rejyonal ki ap devlope, men tou leve pwofil atraksyon touristik yo nan kominote yo atravè Rejyon Lwès New York”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou fè tranzisyon nan gichè peyaj san lajan kach yo, yonn nan

wout sa yo ke yo vwayaje plis sou yo nan Rejyon Lwès New York lan pral vin pi sekirize epi gen mwens anbouteyaj pou ede reponn a nesosite otomobilis 21èm syèk yo, pandan ke y'ap bay vwayajè yo aksè fasil nan nouvo sant akèy lan pou jenerasyon ki gen pou vini yo.”

Pon Grand Island yo konekte Grand Island ki sou Niagara Thruway (I-190) lan ant Niagara Falls ak Komin Tonawanda. Se yon wout prensipal pou vwayajè ak vizitè yo ant Vil Buffalo ak Niagara Falls. An 2016, anviwon 23.7 milyon veyikil te vwayaje atravè Baryè Gichè Peyaj Grand Island yo, ki trete prèske 65,000 veyikil pa jou. An Mas 2018, Grand Island pral vin tounen dezyèm lokal gichè peyaj san lajan kach pou Otorite Thruway (Thruway Authority) Eta New York. Yo te reyalize premye pòtik gichè peyaj san lajan kach yo nan Pon Tappan Zee an 2016.

Lè gichè peyaj san lajan kach yo sou wout laj yo kòmanse, Otorite Thruway pral retire baryè peyaj yo ki nan Pon Grand Island nan Sid ak nan Nò yo. Baryè peyaj yo pral ranplase ak pòtik ki gen sansè ak kamera ki pandye sou otowout la. Pòtik yo ka lokalize nan divès lokal ke baryè gichè peyaj yo, sepandan, yo pral jere gichè peyaj yo nan menm fason. Teknoloji sansè sa yo ap li etikèt E-ZPass yo epi pran imaj plak lisans yo, pou ke veyikil yo pa gen pou kanpe ankò epi peye enpo yo. Veyikil ki gen etikèt E-ZPass yo faktire otomatikman, epi veyikil ki san etikèt yo gen plak lisans yo ke yo fotografye. Y'ap apre sa voye pa lapòs yon fakti peyaj bay pwopriyetè veyikil ki anrejistre a.

An plis, sou dis ane ki sot pase yo, anviwon 80 pousan nan tout aksidan yo ki nan 160 mètr Baryè Gichè Peyaj Grand Island yo te koze pa “Swiv Twò Pre” oswa yon “Vitès ki Danjere.” Ak reyalizasyon gichè peyaj san lajan kach yo, Otorite Thruway prevwa ke aksidan yo nan zòn sa yo pral redwi.

Konstwiksyon nan gichè peyaj san lajan kach Grand Island yo pral kòmanse an Oktòb, epi yo prevwa pou fin konplete apati Mas 2018 - ak ekonomi tan ke yo prevwa pou chofè yo ki ap atenn anviwon 200 minit pa ane.

**Gouvènè Adjwen an, Kathy Hochul, te deklare,** “Antan ke yon abitan Rejyon Lwès New York pandan tout lavi mwen, mwen konnen pèsònèlman jan li fistran pou fanmi ak biznis yo rete tann nan baryè peyaj yo. Jodi a Gouvènè a franchi yon etap majè pou soulaje fado sa. Tranzisyon nan gichè peyaj san lajan kach yo nan Grand Island pral elimine yon wout kwense majè pou vwayajè yo, devlope endistri touristik lokal la, epi redwi emisyon veyikil yo an akò ak objektif anviwònmantral nou yo. Konbine ak yon nouvo Sant Akèy ki te elabore an onè a Frank Lloyd Wright, sa pral fè Grand Island vin yon pòt prensipal klas mondyal nan tout sa ke Rejyon Lwès New York gen pou ofri.”

**Direktè Egzekitif Otorite Thruway Ki Ap Vini an, Matthew Driscoll te deklare,** “Gichè peyaj san lajan kach yo nan Grand Island pral pèmèt otomobilis yo eksperimente vwayaj ki pi pratik epi pi sekirize pandan ke y'ap travèse Rivyè Niagara pitorèsk lan nan Rejyon Lwès New York. Teknoloji modèn sa pral redwi anbouteyaj epi ede anviwònman an apati rediksyon blokis yo, epi nou fyè de Gouvènè Cuomo poutèt li pataje vizyon nou pou gen yon gwo otowout modèn fiti, ki amelyore”.

Nouvo Sant Akèy Rejyon Lwès New York lan pral genyen yon konsepsyon “Estil Preri” ikonik ki enspire pa achitèk lejandè a Frank Lloyd Wright. Nouvo sant akèy la pral

nan gichè peyaj san lajan kach yo pa pral afekte pwogram rabè abitan Grand Island yo, epi li pral redwi anbouteyaj, amelyore sekirite, epi redwi polisyon lè a. Kòm yon pati nan tranzisyon pou ale nan yon fason ki pi pratik epi ki pi efikas pou vwayaje sou wout New York yo, Gouvènè a ap ankouraje tout vwayajè yo pou yo enskri pou yon E-ZPass epi ekonomize sou dwa peyaj yo atravè eta a, ki enkli yon rabè senk pousan sou tout 917

kilomèt Thruway Eta New York lan. Destinasyon klas mondyal ki nan Rejyon Lwès New York, menm jan ak yon kafe ak magazen Taste NY ki ap ofri yon gam pwodwi ki te kreye nan eta a, devwa tou konsepsyon ak kontrandi sou Sant Akèy Rejyon Lwès New York lan (Western New York Welcome Center), ki pral lokalize nan Alvin Road nan Grand Island ki abitye wout 190 lan pou sipòte endistri toukistik li ap fè nan eta a apati yo, sant akèy nan pral pote atiraksyon lokal yo itilize yo sou fote katèl ak atiraksyon touristik rejyon an. Yo reveyon Lwès New York lan ap fin konplete apati mwa Dawout 2018. pou yon espas jwèt pou timoun yo.

“Grand Island se yon konektè vital pou abitan ak touris yo ki ap vwayaje nan Buffalo, Niagara Falls ak pi lwen ankò, epi ak ajou gichè peyaj san lajan kach yo ak yon nouvo sant akèy, nou ap non sèlman sipòte yon ekonomi rejyonal ki ap devlope, men tou leve

- profil atiraksyon touristik yo nan kominote yo atravè Rejyon Lwès New York”, **Gouvènè**
- **Cuomo te deklare.** “Lè nou fè tranzisyon nan gichè peyaj san lajan kach yo, yonn nan
- Sal Kominotè
- Biwo satelit Lapolis Eta New York
- Kat Karelaj Niagara Falls
- Zòn Konfò pou Zannimo Domestik
- Estasyon Machin pou Chajeman Elektrik

Finansman pou sant dakèy rejyonal sa yo te fè pati bidjè Ane Fiskal Eta la pou ane 2018 la.

Sant Akèy Rejyon Lwès New York lan konplèman ekspansyon kanpay ak aplikasyon I Love New York lan pou konekte vizitè yo ak plis pase 1,100 atiraksyon ki nan zòn Greater Niagara sèlman. Atravè Rejyon Lwès New York, eta a ap envesti nan atiraksyon touristik yo pou kapab kontinye atire endistri sa epi pwomouvwa kwasans, ki enkli:

- Espas Frank Lloyd Wright yo
- Park Eta Niagara Falls
- Maid of the Mist
- Canalside
- Park Eta Buffalo Outer Harbor
- New Era Field, ke Eta New York te ede retabli
- Albright Knox Art Gallery, ke Eta New York te kontribiye 10 milyon dola pou ekspansyon 125 milyon dola a, ki ap konplèman kontribisyon 42.5 milyon dola Jeffrey Gundlach lan
- Niagara Falls Aquarium, kote eta a te inogire tèren nan yon pwojè 3.3 milyon dola pou kreye yon nouvo ekspozisyon pengwen
- Artpark
- Jwèt Buffalo Sabres yo
- The Richardson Towers
- Old Fort Niagara

**Senatè Chris Jacobs te di,** “Depi lè ke mwen te rantre an fonksyon an Janvyè, retire sant komèsyal peyaj yo epi pote gichè peyaj san lajan kach yo sou pon Grand Island yo sa te yon priyorite prensipal pou mwen epi mwen kontan ke jou sa rive kounye a. Mwen konfyan ke abitan Grand Island yo ak otomobilis ki soti toupatou nan Rejyon Lwès New

York yo pral pwofite yon vwayaj ki pi rapid epi pi sekirize pandan ke nou ap fè maksimòm ak envestisman Eta a nan yon nouvo sant akèy ki pi aksesib”.

**Manm Asanble Angelo Morinello te deklare,** “Mwen kontan anpil dèske yon lòt fwa ankò Gouvènè Cuomo te koute elektè Rejyon Lwès New York yo, epi li te pèfòme pwòp etid li pou alòs mete an plas yon sistèm pou kapab amelyore anviwònman an ak dire vwayaj yo ki ap mete Rejyon Lwès New York devan nan gichè peyaj elektwonik”.

**Sipèvizè Grand Island Nate McMurray te deklare,** “Sa se yon jou monimantal pou Grand Island ak tout Rejyon Lwès New York. Mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt lidèchip li nan elimine baryè peyaj sa yo. Sa se yon gwo, gwo koze pou plizyè milyon chofè ki ap vwayaje sou Pon Grand Island yo chak ane pou ale epi soti nan espas istorik ak destinasyon touristik klas mondyal rejyon an yo, epi sa pa t’ap posib san Gouvènè Cuomo”.

**Majistra Niagara Falls, Paul Dyster te di,** “Liy machin ki estope nan baryè gichè peyaj tradisyonèl yo gaspiye gaz, polye atmosfè a, epi gaspiye tan presye abitan yo menm jan ak vizitè yo. Dènye envestisman Gouvènè Cuomo nan enfrastrikti yo se yon plan gayan-gayan-gayan, non sèlman li ap fè yon enpak dirèk ak pozitif sou ekonomi an ak anviwònman an, men tou amelyore kalite lavi pou nou tout ki nan Rejyon Lwès New York”.

Pou kapab tire avantaj konplè de gichè peyaj san lajan kach yo epi ekonomize lajan, yo ankouraje chofè yo enskri pou yon kont E-ZPass nan [www.E-ZPassNY.com](http://www.E-ZPassNY.com); nan sant sèvis kliyantèl E-ZPass yo; oswa rele Sant Sèvis Kliyantèl Apèl Gratis E-ZPass lan nan 1-800-333-TOLL (8655).

Yo aksepte E-ZPass nan 16 eta atravè Nòdès ak Midwès. Yo ka itilize li tou pou peye pakin nan divès ayewopò majè epi bay rabè peyaj enpo sou lòt otowout ak pon yo.

Yo pral itilize [Enpo Peyaj pa Lapòs yo \(Tolls By Mail\)](#) pou fè kòlèk peman nan men moun sa yo ki pa gen E-ZPass. Yo egzije otomobilis yo pou mentni enfòmasyon adrès yo ajou ak Depatman Veyikil Motorize a (Department of Motor Vehicles).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418